**Дарсил тема:Р.ХIамзатовасул «Къункъраби».**

**Дарсил мурадал:** КечI пасихIго цIали. КечI бижиялъул ва кочIол хадусеб къисмат рагьи. Расул ХIамзатовасул творчествоялде рокьи бижизаби.

Дарсил алатал: Расул ХIамзатовасул сурат. КIудияб ВатIанияб рагъда хварал Р. ХIамзатовасул вацал Ахилчилги МухIамадилги суратал. Расул ХIамзатовасул тIахьазул выставка. ЦIада росдал сурат. Компьютер, интерактивияб доска.

Доскаялда хъвала дарсил тема.

**Дарсил эпиграф:**

Дида ккола рагъда камурал васал
Кирго рукъун гьечIин, къанабакь лъечIин,
Доба борхалъуда, хъахIил зобазда
ХъахIал къункърабазде сверун ратилин.

**Р.ХIамзатов**

**Учитель:** Ассаламу гIалайкум, цIалдохъаби! Цебесеб дарсида нилъеца бицана «Россиялълул солдатал» абураб поэмаялъул хIакъалъулъ.

**ЦIалдохъан:** «Россиялъул солдатал» абураб поэма хъвана Р.ХIамзатовас. Гьениб бицунеб буго КIудияб ВатIанияб рагъда солдатаз бихьизабураб бахIарчилъиялъул хIакъалалъул.

**Цалдохъан:** Поэмаялъул багьадурал ккола разведчикал. Гьел тушманасул кIудияб къуватгун рагъизе ккола ва бахIарчиго хола.

**Учитель:** Цо шагьаралдаса цого миллаталъул васалищ гьенир рукIарал?

ЦIалдохъан:Гуро. Гьенир рукIана Россиялъул батIи-батIиял шагьараздаса ва росабалъа гIолилал. Гьезда гьорков вукIана Дагъистаналдаса магIарулав МухIамадзагьид ГIабдулманаповги.

**Учитель:** «Дун гIурусав вуго, советчи вуго,

Гьал чIварал гIамадал дир вацал руго.

Ниж цого ватIаналъ гIезе гьарурал

Гьал рагIаби лъица абурал, гьезул магIна нужеда кин бичIчIараб?

ЦIалдохъан:Гьел рагIаби абуна нилъер ракьцояв МухIамадзагьид ГIабдулманаповас. Гьесие абизе бокьун букIана киналго эбелаб ВатIаналъе гIоло рагъулел ругин, цо ВатIаналъ гIезе гьарурал лъимал цоцазе вацал кколин. Гьев фашистаз, гIазабги кьун, чIвана.

Учитель: Фашистаздаса ВатIан цIунулаго, рагъда камуна аза-азар васал, умумул, вацал, яцал. Нилъеда гьел киданиги кIочене бегьуларо. ЦIалдохъабазул кIвар буссинабила дарсил эпиграфалде. Учителас гьеб къотIел цIалила.

Учитель: Лъимал! Жакъа нилъеца цIализе буго Расул ХIамзатовасул киналго рагъул къурбаназе гимнлъун лъугьараб кечI «Къункъраби»

(Учителас кечI пасихIго рекIехъе цIалила.)

Scanned by TapScanner

КечӀ цӀалулеб заманалда, доскаялда рихьизарила зодихъ тӀавап гьабулеб къункърабазул тӀелал, гьебги магӀарул мацӀалда хъвараб кечӀалъе гӀисинго бачунеб бакъаналда гъоркь. Учителасда хадуб кечӀ цӀалила лъикӀго хӀадурлъи бугев цӀалдохъанас. Лъималаз гьесул цӀалиялда хадуб халкквела. КечӀалъул аслияб пикру рагъиялъул мурадалда кучӀалда тӀасан гара-чӀвари гьабила.



**Учитель:** Нужеда гьеб кечӀ кида букӀаниги, киб букӀаниги рагӀун букӀанищ? Лъил хӀакъалъулъ бицунеб бугеб кочӀолъ?

**ЦӀалдохъан:** БукӀана. Гьеб ахӀула рагъул гӀахьалчагӀи ракӀалде щвезарулеб мехалъ. Гьениб бицунеб буго ВатӀан цӀунулаго, хварал бахӀарзазул хӀакъаллъулъ.

**Учитель:** Нужер ракӀазе кинаб асар гьабулеб гьеб кечӀалъ? Щай нилъ къваридго зобалазухъ ралагьулел, къункъраби роржунеб мехвлъ?

**ЦӀалдохъан:** Пашманлъиялъул асар гьабула.

**Учитель:** БитӀараб буго, лъимал! ГӀеб кечӀалъ нилъеда ракӀалде щвезарула хварал вацал, васал, ракьцоял, росуцоял. БитӀун абулеб буго Р.ХӀамзатовас: «Гьел кирго рукъун гьечӀо, зобалазда тӀавап гьабулеб руго. Нилъги гьезул кьеразулъе лъугьине руго»,-ян. Гьаб кечӀ лъугъун буго киналго рагъул къурбаназе гимнлъун. Щибаб шагьаралда, щибаб росулъ, ВатӀаналъе гмоло рухӀ кьурал бахӀарзазул бицунаго, «Къункъраби» абураб кечӀ ахӀула.

(Лъималазул кӀвар буссинабила доскаялда ругел Р. ХӀамзатовасул вацазул суратазде. Бицина кин гьел хваралали, кир рукъун ругелали.)

**Учитель:** Лъимал, нужеда лъалищ нужерго гӀагарлъиялъул рагъда хваразул цӀарал? Гьезул бахӀарчиял ишал, гьел рукъун ругеб бакӀ?

ЦӀалдохъабаз рагъул бахӀарзазул хӀакъалъулъ лъалеб жо къокъго бицина. Рагъда рукӀарал росуцоязул цӀарал рехлеса.

**Учитель:** 1965 соналда Р.ХӀамзатовас хъвана «Къункъраби» абураб кечӀ.

(Учителас доскаялда хъвала кечӀ хъвараб заман.) Къокъго цӀалила жинцаго авторас кечӀ хъваялъе гӀиллалъун ккараб лъугьа-бахъиналъул бицунеб бакӀ. Доскаялда бихьизабила Хиросимаялда атомалъул бомба кьвагьун хадуб «лейкемия» абураб унтиги ккун, хварай ясалъе бараб памятникалъул слайд

**Учитель:** Унтарай ясалда жиндирго гьалмагъалдасан рагӀана бцен. Кагътил азарго къункъра гьабурав чиясул мурад тӀубалин. Гьелъ байбихьана кагътил къункъраби

гьаризе, амма азарго къункъра гIезегIан гьей хутIичIо. Гьелъул гьудул-гьалмагъзабаз гIарацги бакIарун, бана гьеб памятник. Гьеб памятник лъугьана атомалъул рагъалде данде бугеб ахIилъун. Гьеб памятникалда аскIоб гьабулеб митингалда вукIаго, Расулихъе бачIуна телеграмма, гьесул эбел хванин. Гьенир зодир гьесда рихьула хъахIал къункърал. Гьеб киналъулго пикрабалъ вугев Расул ХIамзатовасул рекIелъе бачIун батила «Къункъраби» абураб кечI.

КIиялго гьел рагъул бахIарзазул данделъиялде анна ва гьениб Марк Бернесица гьеб кечI ахIана тIоцебесе. КечI киналго гIенеккаразе бокьана,гIемерисезда магIу ккевезе кIвечIо. КватIичIого кечI радиоялдасан ахIана,пластинкаялда хъвана. РачIа гIенеккизин кечIалъухъ.

Слайд: Бернесил сурат-Бернесица кечI ахIулеб лахIзат.



Учитель: Лъимал! Цоги щиб нужеда лъалеб «Къункъраби» абураб кечIалъул хIакъалъулъ? ЦIалдохъан: «Къункъраби»руссана мармар-гьецIоялде ва мазгаралде. Нилъер хIукуматалъул батIи-батIиял шагьаразда ва росабалъ ран руго рагъул гIахьалчагIи ракIалдещвеялъе гьарурал памятникал. Гьезул гIемарисезда руго къункърабазул суратал.

ЦIалдохъабазда рихьизарула слайдал.

-Узбекистаналда Чирчик шагьаралъул бакьуъ буго биялда релъльараб лъадал цIураб мармаралъул хIор,гьелъул бакьулъ буго гбаваялде боржун унеб тIелалда хадуб балагьараб кваркьи бекараб къункъра.



-Осетиялъул цо росдал рагIалда буго мазгарул чIегIераб зани,зонодасан цоялда хадуб цояб гьабун гьаваялде бахъун унеб буго анкьго къункъра. КIубияб ВатIанияб рагъда чIварал Газдановазул анкьавго вацасул образал гIадин.



-1986 соналда Гъуниб рагьана Хъахlал къункърабазул памятник.




Учитель: Нилъер улкаялдаги гьеб бахун къватlибехунги «Къункърабазе» бан буго 30-ялдасаги цlикlкlун памятник Учитель: Лъимал,щиб лъалеб нужеда «Хъахlал къункърабазул»байрамалъул хlакъалъулъ?

Цlалдохъан: Гьоркьисала «Хъахlал къункърабазул»байрамалда кlодо абуна Расул Хlамзатов гьавуралдаса 90 сон тlубай.

Учитель: Мармар-гьецlоялде сверун хутlичlо. Р.Хlамзатовасул «Къункърабиъ». Гьел сверана кlудияб байрамалде. «Байрамалъул энциклопедиялда» хъван буго: «Хъахlал къункърабазул»байра Дагъистаналда кlодо гьабизе байбихьанин 1986 соналъул 22 октябралда. Гьоркьисала ракlарун руклана тlолго дунялалдасаго Р.Хlамзатовги вокьулел гьесул творчествоги бокьулел гlадамал. Гьез цоги нухалда бетlер къулана Расулил «Къункхрабазе». Гьеб хасалихълъиялъул заманалда Дагъистаналъул зобалазда тlавап гьабулел руклана хъахlал къункърабиъ. Гьезул кьеразулъан нилъехъ ралагьун руклун ратила гьеб кочlое чlаголъи кьурал Р.Хlамзатовги,Наум Гребневги,Ян Френкельги,Марк Бернесги,авар мацlалда кечlалъе бакъан хъвараб Шамхал Шамхаловги. Гьел чlаго руклина,кечl чlаго бугебгlан мехалъ,кечl чlаго буклина,гlумру бугебгlан мехалъ

Рачlа киназго цадахъ ахlизин «Къункърабиъ»абураб кечl.

**Рокъобе тlадкъвай: «Къункхраби»абураб кечl реклехъе лъазабизе.**

**Сипатияб анализ гьабизе.**

***Дарс х!адурана авар мац!альул ваадабияталъул муг!алим:***